

# Jidisyè Nyoudjèze

## Dènye Pwosesis Lòd Entèdiksyon



Gade "CN 12968- Kisa ki Vyonans Domestik?" pou wè si w kalifye pou yon lòd entèdiksyon pou vyolans domestik/familyal. Gade "CN 12969 - Pwosesis pou Lòd Entèdiksyon Tanporè" Pou enfòmasyon konssènan kijan pou aplike pou yon lòd entèdiksyon kont vyolans domestik/vyolans familyal.

## **Ki sa ki fêt nan dènye odyans Lòd Entèdiksyon (FRO) a?**

Odyans FRO a ap pwograme nan 10 jou apati de dat lòd entèdiksyon tanporè (TRO) a te emèt

Plenyan ak akize a gendwa gen avoka epi tou, yo kap mande pou ranvwaye odyans la (mande delè) pou jwenn reprezantasyon legal. Yon aplikasyon pou lòd entèdiksyon se yon koze sivil, e pou rezon sa a tribunal la pap kab deziye yon avoka ni pou plenyan a ni pou akize a.

Nan odyans FRO a, Jij la pral tandé temwayaj pleyan ak akize a, si akize a ta chwazi pou li temwayne. Jij la va deside si yon zak vyolans domestik/vyolans familyal te fêt ak si li ta fêt pou emèt FRO a pou pwoteje pleyan de zak vyolans domestik/familyal adisyonèl

Plenyan ak akize a fêt pou vini tou prepare ak nenpòt ki temwen yo ta genyen pou odyans sa a nan tribunal la. Si nenpòt nan pati gen prèv yo ta renmen prezante na odyans la, pa egzanp, foto, tèks, mesaj oswa vidoyo, kontakte tribunal la anvan odyans la pou ka jwenn enstriksyon sou kijan pou founi prèv.

- Ou pa fêt pou mennen timoun nan dènye odyans la amwens ke jij la ta mande w pou fè l
- Si plenyan a pa konparèt a lè odyans la pwograme a yo ta ka ranvwaye ka pou yon lòt jou ak/oswa lè, oubyen tribunal la ta kab anile dosye a.

Si jij la ta jwenn ke gen zak vyolans domestik/familyal ki fêt, yo ta kab entèdi akize a komèt lòt zak vyolans domestik/familyal nan lavni. Yo kab entèdi akize a al nan kay plenyan a, lye de travay, oswa lòt kote; entèdi gen komunikasyon oral, alekri, pèsonèl, oswa tip kontak pa vwa elektwonik oswa tout fòm komunikasyon ak plenyan oubyen zòt; epi tou, yap entèdi l fè oswa fè yon lòt moun kominike pou toumante plenyan oswa zòt.

Yo kab entèdi akize a trake, swiv, oubyen fè menas pou domaje, fè filati, oswa swiv plenyan a oubyen zòt. Yo kab pase akize a lòd pou l peye pansyon alimantè pou timoun, èd monetè pou enprevi, asiste seyans konsèy Siko-sosyal sou abi soustans, oswa soumèt li a evalyasyon nesesè yo. Tribunal la ta kab sispann tan vizit ak paran oswa egzije tan vizit ak paran sipèvize. Akize a entèdi gen nenpòt ki zam nan posesyon li.

Plenyan kab resevwa dwa posesyon esklizif kay la, gad tanporè timoun yo, èd monetè pou ijans, sipò èd monetè pou ijans tanporè, kouvèti medikal, domaj ak lòt èd. Si FRO a emèt, yap pran pòtrè ak anpwent akize a epi yap pase l lòd pou l peye yon amann de \$50 a \$500, peyab atravè depatman finans tribunal la

Plenyan ak akize a ap resevwa yon kopi FRO a. Li enpòtan pou revize lòd la anvan ou kite bildinn la pou asire ke li korèk.

Seksyon Koze LaFanmi ap voye kopi lòd la ba depatman lapolis nan minisipalite kote plenyan a abite.

Plenyan fêt pou bay yon kopi ba travay li, sant gadri yo, lekòl yo, ak tout lòt lye konsène yoo

Plenyan fêt pou li toujou kenbe FRO a sou li. Si li ta pèdi, w ap jwenn kopi adisyonèl nan divizyon vyolans domestik/familyal la kote yo te siyen lòd la.

## **Sakpase si Plenyan a Prezante nan Tribunal men Akize a pa Konparèt?**

Jij la kab emèt yon FRO kont akize a si gen prèv ke lòd tribunal la te livre oswa temwayaj ke akize a te okouran de dat odyans la. Si pa gen prèv ke lòd tribunal la te livre, yo ta kab pwograme yon nouvo dat pou konparèt nan tribunal la, epi TRO ap rete an vigè. Yon ajan fòsdelòd a va livre dènye lòd tribunal la bay akize a.

## **E si Akize a pa Respekte FRO a?**

Si akize a pa respekte ak sipèvizon oswa tout lòt dispozisyon de entèdiksyon ki sou lòd la, plenyan kab ale nan komisarya a epi mande pou pouswit penal. Si akize a pap respekte tout dispozisyon ki gen rapò ak orè vizit

oswa dispozisyon panson alimantè timoun la, plenyan kab ranpli yon aplikasyon pou modifie/ranfòse lòd vyolans doomestik la, ke w ap jwenn nan pati fomilè yo sou njcourts.gov.

### **Èske FRO gen dat decheyans?**

FRO pa gen dat decheyans, epi lap rete an vigé jiska nouvèl òd tribunal la.

### **Èske Akize a Gendwa Mande Anilasyon FRO a?**

Akize a gendwa mande tribunal la pou li swa anile oubyen retire FRO ak prezantasyon yon petisyon devan tribunal la. Gen yon blòk done pou petisyon [How to Ask the Court to Dismiss a Final Restraining Order](#) ([CN12420](#)) ke w ap jwenn sou sit njcourts.gov

### **Sakapase si Plenyan a Vle Anile (klase) oswa Chanje yon FRO ki deja sou plas?**

Nenpòt ki demann pou anile (klase) oswa chanje yon lòd entèdiksyon ki deja sou plas fèt pou fèt an pèsòn epi tandé pa yon jij.

Lòd Entèdiksyon pakab anile oswa modifie pa telefòn. Si pati yo rekonsilye, sa pa vle di lòd la anile otomatikman. Plenyan fèt pou prezante devan jij nan Seksyon Koze Lafanmi Tribunal Sipèrye a pou mande anilasyon a.

Kontak ant pati yo anvan yo anile lòd la takab lakòz ke yo pouswiv akize a devan letà.

Si yo anile lòd entèdiksyon a, ta kab gen lòt akizasyon penal ki la ki fèt pou adrese apà nan Tribunal Minisipal ou Penal apwopriye a.

### **Sa kap Rive ak Pansyon Alimantè pou Timoun la si Plenyan a Mande pou yo Anile FRO a?**

Si yo anile FRO a, panson alimantè pou timoun la kab kontinye sou yon nouvo lòd si demann la fèt.

### **E si Pati yo vle Asiste Seyans ak yon Konseye Siko-Sosyal**

Pati yo **pa gendwa** asiste yon seyans ak Konseye Siko-Sosyal ansanm si gen yon lòd Entèdiksyon an vigè. Gadyen Legal ak/oswa medyasyon sou koze tan vizit ak paran **pa pèmèt** si gen yon lòd entèdiksyon an vigè.

### **Èske FRO gen dat echeyans?**

Nan Noudjèze FRO pa ekspire. Kipizè, Lwa ki rele Full Faith and Credit provisions of the Federal Violence against Women egzije tout letà yo, sou teritwa Lèzetazini, ak tout Konstitisyon Letà yo pou yo egzekite tout Lòd Entèdiksyon yo. Sa vle di ke si plenyan a ta kite Noudjèze, lòd la aplikab nan chak età, teritwa Ameriken ak tout Letà Konstitisyon yo. Plenyan ta fèt pou l toujou mache ak kopi lòd la sou li.